

THE COLLEGE BOARD

Digital SAT Test Directions Translated into HAITIAN CREOLE for Students

Spring 2019 School Day Testing Only

Notes to the Proctor

This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or included in the Secure Browser.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved by the College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

Tabdèmatyè

Notes to the Proctor.....	1
1 Nòt pou Elèv la.....	3
2 Ekriti Tès SAT Estanda Dijital.....	4
2.1 Anvan Tès la Kòmanse.....	4
2.2 Enstriksyon Preliminè	6
2.3 Seksyon 1: Tès Lektè.....	9
2.3.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la	10
2.3.2 Pandan Poz la	11
2.4 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj	11
2.4.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la	12
2.4.2 Pandan Tès la	13
2.5 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri	13
2.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la	15
2.5.2 Pandan Tès la	17
2.5.3 Pandan Poz la	17
2.6 Seksyon 4: Tès Matematik- Kalkilatri	17
2.6.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la	19
2.6.2 Pandan Tès la	21
2.6.3 Pandan Poz la.....	21
2.7 Redaksyon SAT	21
2.7.1 Eksplikasyon Tès Redaksyon SAT	23
2.7.2 Pandan Tès la	23
3 Apre tès la	24
3.1 Anvan yo Voye Elèv yo Ale	24

1 Nòt pou Elèv la

- Sa a se yon tradiksyon eksplikasyon siveyan an pral li byen fò ak eksplikasyon ki nan College Board Secure Browser (Navigatè Sekirize College Board) a. Swiv siveyan w lan pandan l ap li eksplikasyon Anglè yo byen fò. Eksplikasyon tradwi sa yo gen dwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou a li yo; men, enfòmasyon enpòtan yo rete menm. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou a ap li a, tanpri leve men ou.
- Siveyan w lan ka sote kèk eksplikasyon ki pa aplike pou tès ou a.
- Ou ka kite dokiman sa a sou biwo ou pandan tout dire tès la, men ou dwe remèt li bay siveyan an apre tès la.
- Ou PA dwe itilize dokiman sa a pou papyè bouyon.
- Tanzantan, siveyan ou a pral anonse kantite tan ki rete nan seksyon an, ak lè pou pòz yo tou lè sa apwopriye. Si w ap pran egzamen an ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo kapab diferan de tan an ak poz yo ki nan dokiman sa a ki tradwi a. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li.
- Si w ap pran tès la ak aranjman ki apwouve, siveyan ou an kapab ba ou eksplikasyon anplis an Angle.
- Yo itilize senbòl nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon Enpòtan



Esplikasyon siveyan ou a li




Esplikasyon ou jwenn nan liv tès ou a

2 Ekriti Tès SAT Estanda Dijital

2.1 Anvan Tès la Kòmanse

Si w ap itilize yon kas pandan tès la, siveyan w lan pral siyale w pou fè w konnen yo gen yon anon.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Byenvini nan egzamen PSAT 10 la. Sa a se chans ou pou montre ki jan ou prepare pou kolèj ak karyè ou.

Anvan nou kòmanse tès la, mwen pral li kèk nan règleman ak enstriksyon. Tanpri koute ak anpil atansyon, epi pa poze okenn kesyon jiskaske mwen mande si nou gen kesyon.

Tout elèv yo ta dwe gen yon opòtinite egal pou montre konesans ak kapasite yo nan tès sa a. Pou rezon sa a, gen règleman ki la pou asire pa gen moun ki gen yon avantaj ki enjis. N ap voye ale epi anile rezilta nenpòt moun ki fè nenpòt nan bagay sa yo:


- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd pandan tès la.
- Itilize yon kalkilatis pandan seksyon ki pa otorize kalkilatis (amwenske ou gen yon akomodasyon ki apwouve).
- Sèvi ak nenpòt èd ki pa otorize pou fè tès la, ladan yo genyen telefòn, pandan tès la oswa pandan poz yo.
- Pataje kesyon tès yo ak nenpòt lòt moun pandan oswa apre tès la.
- Itilize oswa eseye itilize òdinatè tès la pou nenpòt rezon ki pa pou tès la.
- Soti nan fenèt tès la anvan fen administrasyon tès sa a.
- Eseye pran tès la pou yon lòt moun.

Yo ka ranvwaye w tou pou:

- Manje oswa bwè nan sal tès la (sòf si ou gen yon aranjman apwouve).
- Lakoz nenpòt pètibasyon.
- Pa rive swiv pwosedi tès la.
- Ale nan kazye w lan oswa kite batiman an nan lè poz yo.

Ou pral gen jiska 11:59 p.m. Tan zòn lès sou 4yèm jou apati lè tès la te fini pou depoze yon plent pou jou tès la. Si ou wè nenpòt ki konpòtman ki lakòz ou enkyete, tanpri notifiye siveyan egzamen an, ki pral eksplike kijan pou kontakte College Board la. Èske gen moun ki gen nenpòt kesyon sou sa mwen sot di la yo?

(A) Si lekòl ou an te ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan w lan pral di:

-  Kounyeya nou ta dwe fèmen tout telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik. Si yon moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt ki kalite, tanpri fèmen li epi remèt mwen li kounyeya, m ap ba ou li ankò lè tès la fini.

(B) Si lekòl ou an PA ranmase bagay pèsònèl elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men ou, ou dwe fèmen li konplètman epi mete li sou kote jiskaske tès la fini. Nenpòt aparèy elektwonik ki pa fèmen epi ki pa mete sou kote kapab konfiske epi y ap enspekte sa li gen ladan l jan sa fèt nan yon investigasyon.

Si ou te pote ti goute oswa bwason pou manje pandan yon tan poz, mete yo deyò epi mete yo anba biwo w lan kounyeya. Y ap pèmèt ou ale nan sak ou pandan tan poz yo.

Fèmen tout sak yo, epi mete yo anba biwo ou jiskaske tès la fini.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

- Kounyeya nou pral kòmanse tès la.

Tanpri retire tout bagay sou biwo w lan eksepte kreyon oswa plim, ak kalkilatri ou, si w te pote youn.

Si ou te pote yon kalkilatri de rezèv oswa pil anplis, tanpri mete yo sou biwo w lan tou. Ou pa dwe pataje yon kalkilatri ak yon lòt elèv nan okenn moman pandan tès la oswa tan poz yo.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

- Mèsi. Tanpri chita byen kalm pandan mwen pral pran yon moman pou gade toupatou epi asire tout moun genyen yon kalkilatri ki apwouve.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

- Ou pa dwe pataje oswa boukante kalkilatri ak pèsòn. Si w te pote yon kalkilatri, mete kalkilatri ou an ak batri derezèv ou yo anba biwo w lan. Se jis nan yon seksyon ki vini apre w ap bezwen li.

Si w te deja patisipe nan sesyon preyadministre, siveyan w lan pral distribye yon kupon tès bay chak elèv ak yon moso papyè bouyon. Kupon tès la pral gen non w ekri sou li. Siveyan w lan kapab mande w pou prezante Idantifikasyon w lan pou verifye non w.

Siveyan w lan pral afiche enfòmasyon sa yo sou tablo a:

- *Dat jodia*
- *Non tès la (SAT oswa SAT ak Redaksyon)*

Pou kapab ranpli pita:

- *Session ID (ID Sesyon)*
- *Lè Kòmansman*
- *Lè finisman (apwoksimatif)*
- *Tan poz*

2.2 Enstriksyon Preliminè

Lè tout elèv yo gen yon kupon tès epi te ranpli kesyonè a, siveyan w lan pral di:

- Tanpri koute enstriksyon sa yo ak anpil atansyon. Òdinatè w la ta dwe sou ekran koneksyon Secure Browser a (Navigatè Sekirize) a. Si w pa wè ekran koneksyon College Board la, tanpri leve men w.
 - Tape **First Name (Prenon w)** w egzakteman jan li enprime sou kupon tès ou an.
 - Tape **Registration Number (Nimewo Enskripsyon)** an egzakteman jan li ekri sou kupon tès ou an.
 - Tape **Session ID (ID Sesyon)** an egzakteman jan li parèt sou tablo a.
 - Klike sou **Sign In (Konekte)**.

- Si w resevwa yon erè lè w t ap eseye konekte a, tanpri leve w.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- Kounyeya verifye ke enfòmasyon yo kòrèk sou paj "Is This You?" ("Èske Se Ou") a. Si li kòrèk, klike sou **Yes (Wi)**. Si gen enfòmasyon ki pa kòrèk, leve men w.


Aprè sa siveyan w lan pral di:

- Tanpri rete chita byen kalm epi tann otorizasyon. Gade lè w wè mesaj "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon") an.


Lè tout moun pare epi anvan yo otorize tout elèv yo, siveyan w lan pral di:

- Pou chak seksyon, w ap swiv menm pwosedi pou otorizasyon an pandan w ap itilize prenon w ak nimewo enskripsyon w lan ki nan kupon tès al ak yon Session ID (ID Sesyon) Inik. Ou p ap ka rantre nan yon seksyon epi kòmanse tès la jiskaske mwen otorize w pou fè sa. Anvan mwen bay tout moun otorizasyon pou kòmanse tès la, sonje:
 - Pandan tout administrasyon tès sa a, ou dwe koute tout enfòmasyon yo sou kijan pou kòmanse.
 - Pa soti oswa pakouri nan sesyon tès la oswa fèmen laptop ou an jiskaske tès ou an fini. Si w fè sa a, ou kapab pèdi tan tès la oswa tès ou an kapab make kòm envalid.
 - Pandan tès la, kite zye w sou aparèy ou an sèlman.
 - Si aparèy ou an ap bay yon pwoblèm pandan tès la, tanpri leve men w.
 - Mwen pral mache nan sal la pou verifye kouman w ap travay.
 - Ou pral gen tan pou poz pandan tès la lè sa a w ap ka kite sal la pou w pran yon ti goute oswa itilize twalèt la.

Si w ap fè tès la ak yon text-to speech, siveyan w lan pral di:


-  Kounyeya ou ta dwe wè tchèk son text-to-speech la. Tanpri swiv enstriksyon ki sou ekran an epi fè yon seksyon anba ekran an. Apresa klike sou **continue (kontinye)**. Ou dwe konfime ke paramèt son an regle epi li mache chak fwa ou rantre nan tès la. Pou li eleman tès yo byen fò, aktive text-to-speech la pandan w ap itilize meni kontèks la.

Yon fwa tout elèv yo te adm, siveyan w lan pral di:

-  Ou prèske pare pou kòmanse. Kounyeya ou ta dwe wè twa bwat enfòmasyon sou ekran w lan. Premye bagay la se Help Guide (Gid Èd) la, ki mansyone zouti tès yo, bouton, ak fonksyonalite ki disponib pandan tès la. Ou kapab aksede ak enfòmasyon sa yo pandan tès la pandan w ap klike sou ikòn pwen entèwogasyon ki nan kwen dwat epi anlè ekran an. Yon fwa ou nan tès la epi apre ou fin li enstriksyon yo, pakouri tès la epi deplase ale de kesyon an kesyon pandan w ap itilize ti flèch pou ale devan oswa deyè ki nan kwen goch anlè ekran an.

Pandan tès la w ap gen aksè ak yon zouti kwonomèt tou. Ou kapab montre oswa kache zouti a pandan w ap klike sou ikòn kwonomèt nan kwen dwat anlè ekran w lan. Revèy ou an pral kòmanse konte a rebou tan ou genyen ki rete nan seksyon an. Lè tan pou seksyon sa a rive, tès la ap kanpe otomatikman. Èske ou gen nenpòt kesyon?


Après tout kesyon yo finn reponn, sipèvizè ou ap pral di:

-  Dezyèm bwat la montre tèm ak kondisyon pou tès sa a. Pran kèk minit pou revize tèm ak kondisyon sa yo. Ou dakò pou pa pataje okenn kesyon espesifik tès la ak nenpòt moun, sou nenpòt ki fòm kominikasyon, ki gen ladan l imel, mesaj tèks, piblikasyon sou entènèt, oswa lòt fason sou entènèt la. Lè w fè sa, sa kapab lakoz anilasyon rezilta a oswa lòt sanksyon ki posib. Lè w fin li, klike sou bwat ki akote "**I agree to the Terms and Conditions**" ("**Mwen dakò ak Tèm ak Kondisyon yo.**")

Apati paj sa a, ou kapab gade tou paramèt tès ou an. Se paramèt asistans tès asistans odifif, vizyèl, ak konsantrasyon ki te defini pou ou, si ou te resevwa otorizasyon pou yo. Konfime ke tout enfòmasyon sou paj sa a kòrèk pou tès ou an. Si gen enfòmasyon ki pa kòrèk, leve men w. Si tout enfòmasyon yo kòrèk, dewoule pou ale anba paj la epi klike sou **OK (OK)**.

Kounyeya seleksyone bouton **Start (Kòmanse)** ki sou ekran w lan. Ou dwe seleksyone bwat pou tcheke a nan tèm ak kondisyon pou bouton an kapab aktive.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

-  Tanpri mete kupon tès la akote; w ap bezwen ale nan nimewo enskripsyon w lan pou pwochen seksyon tès la. M ap ranmase kupon yo yon fwa tès la fini.

Kounyeya ou ta dwe wè yon mesaj ki make "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Si w pa wè mesaj sa a, leve men w.

Gade yon kapti ekran ki tradwi konsènan paj "You Are Almost Ready to Begin" ("Ou Prèske Pare pou Kòmanse") ak twa bwat enfòmasyon pi ba a:

Ou prèske pare pou kòmanse

Tanpri revize enfòmasyon sa yo epi klike sou "Start" ("Kòmanse") pou w kapab kòmanse.

Gid Èd

Help Guide (Gid Èd) la ak règleman tès yo kapab aksede nenpòt lè pandan w ap itilize bouton ki anlè nèt paj tès la.

[Gade entriksyon ak Èd yo](#)

Tèm ak Kondisyon

Lè w tcheke bwat ki pi ba a, ou dakò ke ou:

- Se moun non l ekri sou kupon tès la menm jan ak patisipan k ap fè tès la
- Konprann ke tout enfòmasyon ki prezante nan tès sa a se pwopriyete College Board la sèlman
- Lè ou siyen la a, ou dakò pou pa pataje okenn tès kesyon espesifik ak nenpòt moun, sou nenpòt fòm komunikasyon, ki gen ladann imel, tèks mesaj, post sou entènèt, oswa lòt fason nan entènèt la.
- P ap itilize okenn èd ki pa otorize, enkli telefòn selilè ak sèvis ki entèdi, pandan tès la oswa nan poz yo
- Ap konfòme m ak tèm ak kondisyon SAT yo ki enkli prensip Egalite ak Sekirite Tès SAT a nan SAT Student Guide (Gid Tès Elèv SAT a) ak sou platfòm nan
- Konprann ke tout vyolasyon tèm ak kondisyon yo kapab mennen anilasyon nòt, k ap anpeche w fè nenpòt lòt tès, epi, sa depann de nati vyolasyon an, kapab deklare bay moun k ap fè aplike lalwa yo.
- Anplis de sa, ou dakò ke si lekòl ou a bay College Board la nenpòt enfòmasyon sou ou, College Board la ka kenbe enfòmasyon sa yo pou bay sèvis edikasyonèl ki gen rapò ak tès sa a, tankou rapò sou nòt ou yo ak kalifikasyon ak opòtinite pou bousdetid.

Mwen dakò ak Tèm ak Kondisyon yo

Paramèt Tès

Itilize bouton sa a pou revize paramèt tès ou yo.

[Gade Paramèt Tès yo](#)

2.3 Seksyon 1: Tès Lekti



Tan estanda pou Seksyon 1 an se **65 minit**, ak yon **10 minit pòz** nan fen seksyon. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak poz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon pou seksyon tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:



Tanpri koute enstriksyon sa yo pou Tès Lèkti a. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1, Tès Lekti a. Nou pral pran yon pòz kout 5 minit lè seksyon sa a fini.

Ou kapab itilize lòt papye ou te resevwa a pou kapab travay sou bouyon. Si w bezwen plis papye bouyon pandan tès la, leve men w nan moman sa a epi m ap ba w youn.

Sonje y ap ba w pwèn pou repons ki kòrèk yo, men ou pa pèdi pwèn pou repons ki pa kòrèk yo. Sa vle di ou ta dwe eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten si repons lan kòrèk.

Si w gen nenpòt kesyon sou pwosedi tès la, tanpri mande yo kounyeya. Mwen pa kapab reponn kesyon ki gen rapò ak kontni tès la pandan seksyon tan tès yo. Èske ou gen nenpòt kesyon?

Tan tès la ap kòmanse apre mwen ba w otorizasyon ak lè eksplikasyon tès yo parèt sou ekran an. Lè w fini tès la, tanpri rete chita byen kalm epi tann lòt enstriksyon. Pa fèmen laptop ou an oswa fèmen aparèy ou an. Sonje, apre tès la fini, pesonn pa ka kite sal la jiskaske mwen voye nou ale.

Apre sa siveyan w lan pral di:



Li eksplikasyon yo, apres a itilize flèch navigasyon yo pou gade premye kesyon tès la epi kòmanse travay.

Yon fwa ou te kòmanse tès la, siveyan w lan pral di:



Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

2.3.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou jwenn nan kòmansman Seksyon 1 nan Navigatè Sekirize w lan.


Tès Lekti SAT

52 Kesyon

EKSPLIKASYON

Chak pasaj oswa de pasaj ansanm ki anba yo gen yon kantite kesyon ki vin apre. Apre ou fin li chak pasaj oswa de pasaj ansanm, chwazi repons ki pi bon pou chak kesyon an fonksyon de sa ki endike oswa sa yo vle di nan pasaj la ak nenpòt grafik ki akonpanye yo (tankou yon tab oswa grafik). Pou referans, chak paragaf nimewote. Nan kèk ka, youn oswa plis pòsyon tèks la kapab soulinye pou atire atansyon w sou yon pwèn oswa plizyè pwèn nan tèks la kesyon an refere a.

Lè gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a, w ap wè mesaj ti meni pi ba a ki parèt sou ekran w lan. Mesaj la di, "Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a." Mesaj ti meni sa a pral parèt nan chak seksyon.

You have 5 minutes remaining in this section 

Sa ki pi ba a se yon tradiksyon paj revizyon an ki pral parèt apre chak seksyon tès. Imaj ki pi ba a se yon egzanp de sa ou kapab wè, non seksyon espesifik tès la pa ladan l.

Ou rive nan fen seksyon sa a:

Tanpri revize repons ou yo anvan ou kontinye tès la. Ou p ap ka retounen nan kesyon sa yo apres.

Klike sou nimewo kesyon ki pi ba a pou revize l.



Ou te make kesyon yo. Revize kesyon sa yo anvan w soumèt tès ou an.



Senbòl sa a endike eleman ki pa reponn yo.

Kesyon:

1	4 	7	10	13
2  	5	8 	11  	14  
3	6 	9	12 	15

Yon fwa sesyon tè s la fini, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Tès Lèkti a fini kounyeya. Ou ta dwe sou paj koneksyon Navigatè Sekirize a. Si w pa wè ekran sa a, leve men w.

Kounyeya m ap vin kote w epi ranmase papye bouyon w lan.

Aprè mwen fin ranmase papye bouyon yo, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Tanpri soti nan Secure Browser (Navigatè Sekirize a). Kounye a n ap pran yon pòz pou 10 minit Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje sèlman. Pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou la, koulwa a, oswa twalèt la. Ou pa dwe itilize yon telefòn oswa okenn lòt aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa pandan nenpòt lòt poz pandan tè s la. Tout telefòn ak lòt aparèy yo dwe rete fèmèn epi mete sou kote jiskaske tè s la fini. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo. Nou pral kòmanse pran tè s la ankò nan egzakteman 10 minit.

2.3.2 Pandan Poz la

Nan fen poz la, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Tanpri pran plas ou.

Kounyeya mwen pral distribye papye bouyon pou pwochen seksyon tè s la.

2.4 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj



*Tan estanda pou Seksyon 2 se **35 minit**. Si w ap fè tè s la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak poz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon pou seksyon tè s la parèt touswit aprè eksplikasyon tradwi yo fin li.*

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Menmjan ou te fè pou seksyon anvan an, rantre Session ID (ID Sesyon) ki afiche sou tablo a epi konekte nan Secure Browser (Navigatè Sekirize) ou an.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:


- 🔊 Verifye ke enfòmasyon yo kòrèk sou paj "Is This You?" ("Èske Se Ou?") a. Si li kòrèk, klike sou **Yes (Wi)**. Après ou ta dwe wè yon mesaj ki di "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Tanpri rete chita byen kalm epi tann otorizasyon.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Kounyeya ou ta dwe wè Help Guide (Gid Èd) ak bwat Test Settings (Paramèt Tès) yo. Sonje ke ou kapab aksede ak enfòmasyon konsènan zouti tè s yo ak fonksyonalite yo pandan tè s la pandan w ap klike sou ikòn pwèn entèwogasyon nan kwen dwat anlè ekran w lan.

Klike sou **Start (Kòmanse)**. Ou ta dwe wè yon mesaj "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Si w pa wè mesaj sa a, leve men w.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:


 Anvan Mwen bay tout moun otorizasyon, tanpri koute enstriksyon pou seksyon 2 a, Tès Redaksyon ak Langaj. Ou kapab itilize lòt papye ou te resevwa a pou kapab travay sou bouyon. Si w bezwen plis papye bouyon pandan tès la, leve men w nan moman sa a epi m ap ba w youn.

Kèk kesyon nan seksyon sa a konstitiye sèlman de opsyon kat repons yo. Nan ka sa yo, chwazi opsyon ou panse ki pi bon an nan kontèks pasaj la.


Si w fini anvan yo anonse fen seksyon an, ou kapab revize repons ou yo pou seksyon sa a sèlman. Si w fini revizyon ou an, tanpri rete chita byen kalm epi tann lòt enstriksyon yo.

Ou gen 35 minit pou travay sou Tès Lang ak Redaksyon an.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

 Yon fwa mwen ba w otorizasyon pou kòmanse tès la, w ap wè eksplikasyon tès yo. Li eksplikasyon yo, apresa itilize flèch navigasyon yo pou gade premye kesyon tès la epi kòmanse travay.

Yon fwa tès la kòmanse, siveyan w lan pral di:

 Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

2.4.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 2 Navigatè Sekirize w lan.

Tès Redaksyon ak Langaj

44 Kesyon

EKSPLIKASYON

Chak pasaj nan tès la akonpanye pa yon kantite kesyon. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere kouman pasaj la ta ka revize pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere kouman pasaj la ta ka modifiye pou korije erè nan estrikti fraz, itilizasyon, oswa ponktiyasyon. Yon pasaj oswa yon kesyon ka gen youn oswa plis grafik ki mache avè l (tankou yon tab oswa graf) ke ou pral konsidere pandan w ap pran desizyon pou revize epi modifiye yo.

Kèk kesyon pral mennen w nan yon pòsyon ki souligne de yon pasaj, Lòt kesyon yo pral mennen w yon kote nan yon pasaj oswa mande w pou reflechi sou pasaj la an antye.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki plis sanble li ka amelyore ak efikasite kalite jan pasaj la ekri oswa ki fè pasaj la konfòm ak konvansyon estanda Anglè ekri yo. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "PA CHANJE". Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se kite pòsyon ki enpòtan nan pasaj la jan li ye a.


Kèk kesyon genyen **sèlman** kat opsyon repons yo. Nan ka sa yo, chwazi opsyon ou panse ki pi bon an nan kontèks pasaj la.

seekers an e-mail or text message when a relevant job has been posted. Knowing how to use these features and navigate the sites 5 <u>make</u> it much easier for job seekers to connect with employers.	5
	(A) NO CHANGE
	(B) makes
	(C) are making
	(D) have made

2.4.2 Pandan Tès la

Siveyan w lan pral afiche tan kòmansman ak tan apwoksimatif la sou tablo a.

Lè sesyon tès la fini, siveyan w lan pral di:


-  Kounyeya Tès Redaksyon ak Langaj la fini. Ou ta dwe sou paj koneksyon Navigatè Sekirize a. Si w pa wè ekran sa a, leve men w.

2.5 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri



*Tan estanda a pou Seksyon 3 a se **25 minit**, ak yon **5 minit pòz** alafen seksyon an. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak poz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon pou seksyon tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.*

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Menmjan ou te fè pou seksyon anvan an, rantre Session ID (ID Sesyon) ki afiche sou tablo a epi konekte nan Secure Browser (Navigatè Sekirize) ou an.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Verifye enfòmasyon yo kòrèk sou paj "Is This You?" ("Èske Se Ou?") a. Si li kòrèk, klike sou **Yes (Wi)**. Apresa ou ta dwe wè yon mesaj ki di "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Tanpri rete chita byen kalm epi tann otorizasyon.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Kounyeya ou ta dwe wè Help Guide (Gid Èd) ak bwat Test Settings (Paramèt Tès) yo. Sonje ou kapab aksede ak tout enfòmasyon konsènan zouti ak fonksyonalite tès yo pandan tès la pandan w ap klike sou ikòn pwen entèwogasyon nan kwen dwat anlè ekran w lan.

Klike sou **Start (Kòmanse)**. Ou ta dwe wè yon mesaj "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Si w pa wè mesaj sa a, leve men w.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Anvan mwen ba tout moun otorizasyon pou kòmanse tès la, tanpri koute enstriksyon sa yo pou seksyon 3 a, Tès Matematik san Kalkilatri la.

Byenke se yon seksyon matematik, yo pa otorize w itilize yon kalkilatri nan seksyon tès sa a, amwenske ou resevwa otorizasyon pou itilize yon kalkilatri kat fonksyon antanke yon aranjman. Tanpri kenbe kalkilatri ou an anba biwo w lan. Pou kesyon ki mande w rantre repons nan bwat la, swiv eksplikasyon nan tès la pou rantre repons ou yo. Pou kesyon sa yo, pa kòmanse okenn repons ak yon zewo.

Si w bezwen plis papye bouyon pandan tès la, leve men w nan moman sa a epi m ap ba w youn.

Si w fini anvan yo anonse fen seksyon an, ou kapab revize repons ou yo pou seksyon sa a sèlman. Si w fini revizyon ou an, tanpri rete chita byen kalm epi tann lòt enstriksyon yo.

Ou gen 25 minit pou travay sou Tès Matematik san Kalkilatri la.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

- 🔊 Yon fwa mwen ba w otorizasyon pou kòmanse tès la, w ap wè eksplikasyon tès yo. Li eksplikasyon yo, apresa itilize flèch navigasyon yo pou gade premye kesyon tès la epi kòmanse travay.

Yon fwa tès la kòmanse, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

2.5.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 2 nan Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou jwenn nan kòmansman an nan Seksyon 3 Navigatè Sekirize w lan.

Tès Matematik - San Kalkilatrìs

20 Kesyon

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-15, rezoud chak pwoblèm epi chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay yo.

Pou kesyon 16-20, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan.


Tanpri, ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 16 la sou kouman pou rantre repons ou an.

Ou kapab itilize yon lòt papye pou travay sou bouyon.

NÒT


1. Yo **pa pèmèt** ou itilize yon kalkilatrìs.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan amwenske yo endike yon lòt bagay.
5. Amwenske nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180.

Pou kesyon 16-20, rezoud pwoblèm nan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan.

1. Sèlman nonm apati zewo rive nèf, pwen desimal, ak liy fraksyon (/) ka rantre nan bwat repons lan.
2. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
3. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, rantre sèlman yon repons.
4. **Nonm miks yo** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe rantre tankou 3.5 oswa $7/2$. (Si $3\frac{1}{2}$ rantre nan bwat repons lan, yo pral entèprete l tankou $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)
5. **Repons desimal:** Bwat repons lan pèmèt 4 karaktè antou. Si w jwenn yon repons desimal ki gen plis pase 4 karaktè, li kapab rantre swa awondi oswa abreje, men 4 karaktè dwe rantre nan bwat la.
6. **Zewo agoch:** Pa kòmanse repons ou an ak yon zewo.
7. Egzanp yo genyen ladan l:

Repons	Bon fason(yo) pou rantre repons	Pa bon; P AP resevwa pwen
$\frac{7}{12}$	$7/12$.583	0.58
2.5	2.5 2.50 5/2	$21/2$
$\frac{2}{3}$	$2/3$.666 .667	0.66 0.67


NÒT

1. Yo **pa pèmèt** ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan amwenske yo endike yon lòt bagay.
5. Amwenske nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.


2.5.2 Pandan Tès la

Siveyan w lan pral afiche tan kòmansman ak tan apwoksimatif la sou tablo a.

Lè sesyon tès la fini, siveyan w lan pral di:


-  Tès Matematik san Kalkilatriis la fini kounyeya. Ou ta dwe sou paj koneksyon Navigatè Sekirize a. Si w pa wè ekran sa a, leve men w.
M ap ranmase papye bouyon w lan.

Aprè mwen fin ranmase papye bouyon yo, siveyan w lan pral di:

-  Tanpri soti nan Secure Browser (Navigatè Sekirize a). Nou pral pran yon pòz 5 minit. Si ou te pote yon ti goute, ou ka manje l kote yo mete pou moun manje sèlman. Pa ale okenn lòt kote pase kote yo ba ou la, koulwa a, oswa twalèt la. Ou pa dwe itilize yon telefòn oswa okenn lòt aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa pandan nenpòt lòt poz pandan tès la. Tout telefòn ak lòt aparèy yo dwe rete fèmen epi mete sou kote jiskaske tès la fini. Pa pale nan koulwa a oswa diskite kesyon yo avèk nenpòt moun. Panse ak moun ki nan lòt sal yo. Nou pral kòmanse tès la ankò nan egzakteman 5 minit.

2.5.3 Pandan Poz la

Nan fen poz la, siveyan w lan pral di:


-  Tanpri pran plas ou.
Kounyeya mwen pral distribye papye bouyon pou pwochen seksyon tès la.

2.6 Seksyon 4: Tès Matematik- Kalkilatriis




*Tan estanda pou Seksyon 4 la se **55 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak poz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon pou seksyon tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo fin li.*

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Menmjan ou te fè pou seksyon anvan an, rantre Session ID (ID Sesyon) ki afiche sou tablo a epi konekte nan Secure Browser (Navigatè Sekirize) ou an.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

-  Verifye enfòmasyon yo kòrèk sou paj "Is This You?" ("Èske Se Ou?") a. Si li kòrèk, klike sou **Yes (Wi)**. Apres a ou ta dwe wè yon mesaj ki di "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Tanpri rete chita byen kalm epi tann otorizasyon.

Lè tout elèv yo pare, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Kounyeya ou ta dwe wè Help Guide (Gid Èd) ak bwat Test Settings (Paramèt Tès) yo. Sonje ke ou kapab aksede ak enfòmasyon konsènan zouti tès yo ak fonksyonalite yo pandan tès la pandan w ap klike sou ikòn pwen entèwogasyon nan kwen dwat anlè ekran w lan.

Klike sou **Start (Kòmanse)**. Ou ta dwe wè yon mesaj "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon") Si w pa wè mesaj sa a, leve men w.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Anvan mwen ba tout moun otorizasyon pou kòmanse tès la, tanpri koute enstriksyon sa yo pou seksyon 4 la, Tès Matematik san Kalkilatri la. Pou seksyon sa a ou kapab itilize yon kalkilatri. Si w te pote yon kalkilatri, tanpri mete l deyò epi mete l sou biwo w lan. Ou kapab aksede tou ak zouti kalkilatri grafik la pou seksyon sa a. Klike sou ikòn kalkilatri la nan ba zouti a pou itilize zouti sa a pandan tès la.

Lè w ap itilize yon kalkilatri, swiv enstriksyon sa yo:

- Mete l plat sou biwo w lan oswa kenbe l pou lòt elèv pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatri ou.
- Si w te pote yon kalkilatri derezè, kite l anba biwo w lan.
- Si kalkilatri ou gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatri derezè, leve men w. Mwen pral wè si sa ou pote derezè la aksètab. Si ou pa gen derezè, kontinye tès la. Sonje, ou kapab itilize zouti kalkilatri la tou. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatri.

Ou kapab itilize lòt papye ou te resevwa a pou kapab travay sou bouyon. Si w bezwen plis papye bouyon pandan tès la, leve men w nan moman sa a epi m ap ba w youn.

Pou kesyon ki mande w rantre repons nan bwat la, swiv eksplikasyon nan tès la pou rantre repons ou yo. Pou kesyon sa yo, pa kòmanse okenn repons ak yon zewo.

Si w fini anvan yo anonse fen seksyon an, ou kapab revize repons ou yo pou seksyon sa a sèlman. Yon fwa ou fin fè revizyon w lan, tanpri chita byen kalm epi tann lòt enstriksyon.

Èske ou gen nenpòt kesyon?

Ou gen 55 minit pou travay sou Tès Matematik San Kalkilatri la.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

- 🔊 Yon fwa mwen ba w otorizasyon pou kòmanse tès la, w ap wè eksplikasyon tès yo. Li eksplikasyon yo, apresa itilize flèch navigasyon yo pou gade premye kesyon tès la epi kòmanse travay.

Yon fwa tès la kòmanse, siveyan w lan pral di:

- 🔊 Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

2.6.1 Eksplikasyon yo pou Seksyon 4 Liv Tès la



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikasyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 4 Navigatè Sekirize w lan.

Tès Matematik- Kalkilatris

38 kesyon


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm epi chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo. **Pou kesyon 31-38**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan. Tanpri, al gade eksplikasyon yo anvan kesyon 31 an sou fason pou rantre repons ou an. Ou kapab itilize yon lòt papye pou travay sou bouyon.

NÒT


1. Ou **kapab** itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan amwenske yo endike yon lòt bagay.
5. Amwenske nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180.

Pou kesyon 31-38, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons lan.

1. Sèlman nonm apati zewo rive nèf, pwen desimal, ak liy fraksyon (/) ka rantre nan bwat repons lan.
2. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
3. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, rantre sèlman yon repons.
4. **Nonm miks yo** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe rantre tankou 3.5 oswa $7/2$. (Si $3\frac{1}{2}$ rantre nan bwat repons lan, yo pral entèprete l tankou $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)
5. **Repons desimal**: Bwat repons lan pèmèt 4 karaktè antou. Si w jwenn yon repons desimal ki gen plis pase 4 karaktè, li kapab rantre swa awondi oswa abreje, men 4 karaktè dwe rantre nan bwat la.
6. **Zewo agoch**: Pa kòmanse repons ou an ak yon zewo.

Egzanp yo genyen ladan l:


Repons	Bon fason(yo) pou rantre repons	Pa bon; P AP resevwa pwen
$\frac{7}{12}$	$7/12$.583	0.58
2.5	2.5 2.50 5/2	21/2
$\frac{2}{3}$	$2/3$.666 .667	0.66 0.67

NÒT

1. Ou **kapab** itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tèss sa a trase sou echèl amwenske yo endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan amwenske yo endike yon lòt bagay.
5. Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

2.6.2 Pandan Tès la


Lè sesyon tès la fini, siveyan w lan pral di:

-  Kounyeya Tès Matematik ak Kalkilatrè la fini. Ou ta dwe sou paj koneksyon Navigatè Sekirize a. Si w pa wè ekran sa a, leve men w.

M ap ranmase papye bouyon w lan.

Si w ap fè tès SAT (san Redaksyon), tès la te fini epi siveyan w lan ap kòmanse apre Tès la. Si w ap fè tès SAT a ak Redaksyon, kontinye li enstriksyon ki swiv yo.


Aprè mwen fin ranmase papye bouyon yo, siveyan w lan pral di:

-  Tanpri soti nan Secure Browser (Navigatè Sekirize a). Mete kalkilatrè ou anba biwo ou. Kounyeya ou pral gen kèk minit pou mete w alèz. Pa diskite kesyon tès yo pandan poz la oswa kite sal tès la san pèmisyon.

Nou pral kòmanse pran tès la ankò nan egzakteman 2 minit.

2.6.3 Pandan Poz la.

Nan fen poz la, siveyan w lan pral di:

-  Tanpri pran plas ou.


Kounyeya mwen pral distribye papye bouyon pou pwochen seksyon tès la.

2.7 Redaksyon SAT




*Tan estanda pou Redaksyon SAT a se **50 minit**. Si w ap fè tès la ak yon aranjman ki apwouve, tan limit ak poz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.*


Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Menmjan ou te fè pou seksyon anvan an, rantre Session ID (ID Sesyon) ki afiche sou tablo a epi konekte nan Secure Browser (Navigatè Sekirize) ou an.

Lè tout moun pare, siveyan w lan pral di:

-  Verifye enfòmasyon yo kòrèk sou paj "Is This You?" ("Èske Se Ou?") a. Si li kòrèk, klike sou **Yes (Wi)**. Apresa ou ta dwe wè yon mesaj ki di "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Tanpri rete chita byen kalm epi tann otorizasyon.

Yon fwa elèv yo te admis, siveyan w lan pral di:

-  Kounyeya ou ta dwe wè Help Guide (Gid Èd) ak bwat Test Settings (Paramèt Tès) yo. Gen yon lòt bwat ki gen yon deklarasyon sou itilizasyon redaksyon ou an. Pran yon ti moman pou li deklarasyon an, apresya fè yon seleksyon nan repons ki mansyone yo. Lè ou fini li, tanpri leve tèt ou.

Klike sou **Start (Kòmanse)**. Ou ta dwe wè yon mesaj "Waiting for Approval" ("Ap Tann Otorizasyon"). Si w pa wè mesaj sa a, leve men w.

Gade tradiksyon Deklarasyon ki bay sou Redaksyon an pi ba a:


Piblikasyon Redaksyon

Pran yon ti moman pou li deklarasyon ki pi ba a.

Mwen konprann ke redaksyon mwen an (san non mwen) ka repwodi nan lòt materyèl College Board yo. Si mwen pa bay pèmisyon m pou repwodwi redaksyon mwen an pou nenpòt rezon sou deklarasyon nòt ak evalyasyon abilitè ekri mwen yo, li p ap gen okenn efè sou nòt mwen an, ni li p ap anpeche Redaksyon mwen an pou vin disponib pou nenpòt Inivèsite kote mwen voye nòt SAT mwen yo.

- Wi, mwen bay otorizasyon m.
- Non, mwen pa bay otorizasyon m.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

-  Anvan mwen bay tout moun otorizasyon pou kòmanse tès la, tanpri koute enstriksyon sa yo pou Seksyon 5 lan, Redaksyon SAT a.


Ou kapab itilize lòt papye ou te resevwa pou pran nòt epi planifye redaksyon w lan, men ou p ap resevwa nòt pou okenn bagay ou ekri sou li. Si w bezwen plis papye bouyon pandan tès la, leve men w nan moman sa a epi m ap ba w youn. Lè w prè, kòmanse ekri redaksyon w lan nan fenèt dokiman ki nan Secure Browser College Board (Navigatè Sekirize College Board) la.

Sonje ke revèy la disponib pandan tout tès la pou w kapab kontwole kijan w ap avanse. Si w fini anvan yo anonse fen seksyon sa a, ou kapab revize repons ou yo pou seksyon sa a sèlman. Si w fini revizyon ou an, tanpri rete chita byen kalm epi tann lòt enstriksyon yo.


Èske ou gen nenpòt kesyon?

Ou gen 50 minit pou travay sou Redakson SAT ou an.

Aprè sa siveyan w lan pral di:

-  Yon fwa mwen ba w otorizasyon pou kòmanse tès la, w ap wè eksplikasyon tès yo. Li eksplikasyon yo, apresa itilize flèch navigasyon yo pou gade premye kesyon tès la epi kòmanse travay.

Yon fwa tès la kòmanse, siveyan w lan pral di:

-  Lè a kòmanse kounyeya. Bòn chans.

2.7.1 Eksplikasyon Tès Redaksyon SAT



Sa ki pi ba a se yon tradiksyon eksplikasyon w ap jwenn sou Secure Browser (Navigatè Sekirize) w lan.

Redaksyon SAT

EKSPLIKASYON


Redaksyon an ba ou yon opòtinite pou montre ki jan ou kapab li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon ou a, ou ta dwe demontre ke ou te li pasaj la ak anpil atansyon, prezante yon analiz klè ak lojik, epi sèvi ak yon langaj ak presizyon.

Li pasaj la epi nan espas yo bay la, ekri yon redaksyon kòm repons k ap founi. Yo pap evalye yon redaksyon ki pa nan sijè a.

2.7.2 Pandan Tès la


Siveyan w lan pral afiche tan kòmansman ak tan apwoksimatif la sou tablo a.

Lè sesyon tès la fini, siveyan w lan pral di:

-  Kounyeya Redaksyon SAT a fini. Ou ta dwe sou paj koneksyon Navigatè Sekirize a. Si w pa wè ekran sa a, leve men w.
M ap ranmase papye bouyon w lan.

3 Apre tès la

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:


 Konpliman—ou fèk fini tès la!

Kounye a tandè enfòmasyon enpòtan sa a. Pou anile nòt ou pita, ou dwe notifiye College Board (Komisyon Konsèy College) la pa ekri pa pita pase 11:59 p.m. Lè zòn lès sou 4yèm jou lasemèn apati jounen jodi a.


Si ou anile nòt ou yo, yo toujou ap voye yo bay eta a ak distri a epi yo pral aksesib nan lekòl ou a, men yo PA pral voye yo bay kolèj ou chwazi yo oswa òganizasyon pou bousdetid oswa disponib nan sistèm rapò College Board la.

3.1 Anvan yo Voye Elèv yo Ale


Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

 Kounye a mwen pral ranmase liv tès ou yo. Tanpri chita byen kalm jiskaske mwen voye w ale.


Après nou konte tout materyèl yo, siveyan w lan pral di:

 Nan yon ti moman, m ap voye w ale. Sonje: ou pa dwe, nan nenpòt sikonstans, pran okenn kesyon nan tès la pou kite sal la oswa diskite yo ak okenn moun pa nenpòt mwayen, ladan genyen imel, tèks mesaj, oswa entènèt la.


Pou elèv ki ap pran SAT ak Redaksyon, sipèvizè ou ap di:

 Anplis de sa, ou pa otorize pou diskite osinon pataje kesyon redaksyon jodi a jiskaske redaksyon an disponib sou entènèt la.

Pou elèv ki bezwen pran zafè pèsònèl yo, sipèvizè w la ap di:

 Kounyeya nou fin bay tès yo. Pandan w ap prepare pou ale, tanpri vin pran zafè pèsònèl ou yo mwen te ranmase nan men w talè a. Yon fwa ou gen zafè pèsònèl ou yo, ou ka sòti nan sal la byen kalm. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye w pou patisipasyon w epi pou tout efò w yo.

Pou elèv ki gen tout zafè pèsònèl yo, siveyan w lan pral di:

 Kounyeya nou fin bay tès yo. Ranmase zafè pèsònèl ou yo, epi sòti nan sal la byen kalm. Tanpri sonje gen elèv nan lòt sal yo k ap fè tès la toujou. Konpliman ankò epi mwen remèsye w pou patisipasyon w epi pou tout efò w yo.